



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 29 me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN PLIZYÈ ETA POU OGMANTE KANTITE MACHIN A ZEWÒ EMISYON NAN ETAZINI

Bati sou inisyativ New York pou pwomote machin pwòp

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke New York ak sèt lòt eta te dakò sou yon plan pou dramatikman ogmante kantite machin pwòp konsomatè yo ap kondwi. Daprè Plan Daksyon Zewò - Emisyon Plizyè Eta (ZEV), eta yo te fikse yon objektif pou genyen 3.3 milyon machin zewò emisyon sou wout Etazini nan ane 2025.

“New York angaje pou mete machin pwòp sou wout la pou redwi emisyon danjere ak bati yon ekonomi enèji pwòp vibran,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kowalisyon eta yo kap patisipe nan plan daksyon ZEV plizyè eta enpòtan pou kreye enfrastrikti nesèsè pou peyi nou an pou atenn divèsite enèji, redwi polisyon ak kreye travay. New York te yon lidè nan pran aksyon pou koupe emisyon danjere ak konbat chanjman klima atravè pwogram tankou Charge NY e li pral kontinye travay avèk patnè prive ak piblik yo pou asire yon eta ki pi pwòp, pi vèt ak pi ansekirite pou jenerasyon kap vini yo.”

Plan daksyon plizyè eta ZEV (<http://www.nescaum.org/topics/zero-emission-vehicles>) bati sou travay ki te antreprann pa uit eta patnè yo: California, Connecticut, Maryland, Massachusetts, New York, Oregon, Rhode Island, ak Vermont. Akòz plis pase 25 pousan lavant nouvo machin yo nan Etazini fèt nan uit eta sa yo, yon efò kolaboratif bay yon opòtinite pou pwomote inovasyon machin pwòp.

Plan daksyon plizyè eta ZEV te etabli objektif prensipal pou machin pwòp, sa ki gen ladan:

- Bati yon nouvo mache ZEV nan planifye ak investi nan enfrastrikti enpòtan tankou estasyon gaz; ankouraje flòt prive pou akeri ZEV yo; ak ogmante kantite ZEV yo ki te itilize pa ajans gouvènman yo;
- Etabli règleman inifòm pami eta yo pou retire baryè nan enstale estasyon rechaj, kontwòl ak rapòte pwogrè nan bi pou genyen 3.3 milyon ZEV sou wout la nan 2025; ak pwomote pano siyalizasyon klè ak inifòm pou rann kondwi ZEV yo pi fasil; ak

- Devlope yon pi bon eksperyans ZEV ak pwomote itilizasyon konsomatè yo nan sipòte travay estasyon rechaj yo; bay konsomatè yo rekonpans pou achte ZEV; retire baryè lavant andetay elektrisite tankou gaz machin; ak pwomote aksè ak konpatibilite pou rezo rechaj yo.

Komisyonè Depatman Anviwonman ak Konsèvasyon Eta (DEC) Joe Martens te deklare, “Angajman New York pou mete plis machin a zewo emisyon sou wout la se yon konpozan enpòtan de yon estrateji anjeneral pou redwi polisyon lè ak konbat chanjman klima. Gouvènè Cuomo te devlope nouvo pwogram ki kraze baryè ki te rann li difisil pou kondwi machin ki pi pwòp. DEC ap rete tann pou l travay avèk eta patnè ak ajans yo, endistri, gwoup konsomatè ak lòt moun ki gen enterè pou pwomote transpòtasyon fèb ak zewo emisyon.”

Prezidan ak PDG New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA) John B. Rhodes te deklare, “Inisyativ sektè transpòtasyon tankou Charge NY avèk Plan daksyon ZEV se yon konsantrasyon pou Gouvènè Cuomo ak yon priyorite enpòtan pou NYSEDA. Yo se eleman enpòtan nan pi gwo efò pa eta pou bati yon enfrastrikti ki pral ankouraje ak pwomote itilizasyon transpòtasyon zewo-emisyon. Plan sa a pral antrene avantaj ekonomik anviwonmantal ak sante nan tout New York.”

Nan diskou 2013 sou sitiyasyon Eta Gouvènè Cuomo te devwale Charge NY se yon pwojè pou kreye yon rezo nan eta k ap gen 3.000 estasyon rechaj piblik ak nan espas travay sou pwochen senk yo epi pou mete apeprè 40.000 veyikil konplèman sou wout la pandan peryòd sa a. Depi Charge NY te lanse, preske 400 estasyon machin elektrik te ajoute pou kounye a gen yon total aperiè 900 estasyon rechaj machin elektrik toupatou nan Eta., Plis pase 8000 machin elektrik ap opere nan eta, sa ki se yon ogmantasyon de 5,500 lè Charge NY te kòmanse.

Administrasyon Gouvènè Cuomo te pran yon kantite etap enpòtan pou ankouraje itilizasyon machin elektrik nan New York, sa ki gen ladan:

- Yon angajman \$50 milyon dola pou stimile demann pou machin elektrik ak investisman nan enfrastrikti sou senk pwochen ane yo;
- Finansman atravè NYSEDA ak NYPA pou enstale 900 nouvo estasyon rechaj toupatou nan eta;
- Yon 50 pousan kredi taks, jiska \$5,000 dola pou enstale yon estasyon chaj piblik oswa espas travay;
- Pwogram rekonpans Koupon Truck Elektrik New York la, sa ki bay jiska \$60,000 dola pa machin nan bi pou achte yon kamyon oswa otobis elektrik;
- \$2 milyon dola pou rechèch ak pwojè demonstrasyon ki gen rapò a machin elektrik enkli teknoloji ak estrateji ki kapab entegre machin elektrik nan rezo elektrik la, pèmèt vwayaj long distans EV ak fasilite obstak finansye ak règlemantasyon;

- Yon egzamen apwofondi pa Komisyon Sèvis Piblik Eta sou règlemantasyon ak politik elektrik pou sipòte ekspansyon mache New York pou machin elektrik ak plug-in hybrid, sa ki enkli mezi ak pousantaj e keseswa modifikasyon yo nesèsè a rezo elektrik la pou sipòte machin elektrik yo.

Avèk dènye inisyativ sa a, wòl New York kòm yon lidè ak premye motè pou fasone avni enèji rete fèmman anplas. Nan devlope solisyon mache inovè, Eta ap delivre angajman Gouvènè Cuomo pou transfòme endistri enèji a nan yon sistèm ki pi rezistan, pwòp, a ba pri ak dinamik. Travay avèk Eta, sitwayen ak moun yo ki gen enterè nan endistri a, fason yap fè biznis nan New York ap avanse nan yon apwòch ki plis baze sou mache desantralize. Sa a vle di prezève anviwonman an, diminye depans enèji ak kreye opòtinite pou kwasans ekonomik pou jenerasyon aktyèl la ak pwochen jenerasyon Nouyòkè yo. Nan avanse nouvo sistèm ak solisyon enèji sa yo, Nouyòkè yo pral genyen enèji amelyore a ba pri ak efikasite san yo pa sakrifye kapasite pou yo viv nan yon anviwonman ki pi pwòp, rezistan ak pi dirab.

Sitasyon Gouvènè yo nan lòt eta kap patisipe yo:

“Efò kolaboratif sa a se yon etap pwogrè enpòtan pou asire siksè pwogram machin zewo emisyon nou yo. Tranzisyon flòt transpò sèvis limyè pou machin zewo emisyon esansyèl si nou vle atenn objektivite kalite lè alontèm ak klima,” te deklare Gouvènè Maryland Martin O'Malley. “Enplemantasyon plan daksyon pral sipòte arive plis pase 3 milyon machin zewo emisyon nan eta nou yo nan 2025 e li pral sèvi kòm yon fèy wout pou yon sektè transpòtasyon ki pi ansante, pi dirab nan toulède riv yo.”

“Gwoup ZEV plizyè eta kounye a gen yon plan daksyon pou gide nou atravè devlopman ak deplwaman enfrastrikti machin zewo emisyon nan toulède riv yo,” te deklare Gouvènè Peter Shumlin. “Plan sa enpòtan pou atenn objektif rediksyon gaz greenhouse Vermont e enplemantasyon plan enèji eta nou an. Anplis, bati yon mache solid pou machin iltra pwòp efikas sa yo, ak devlope estasyon rechaj ak lòt enfrastrikti ki sipòte yo, pral rann Vermont ak peyi nou an pi pwospere nan ekonomize lajan chofè yo nan transpòtasyon, ankouraje kwasans ekonomik, ak redwi enpak polisyon machin a motè sou sante piblik ak anviwonman.”

“Plan sa a se yon trip 'viktwa' pou eta ki te patisipe yo paske li pote enèji, anviwonman, ak benefis ekonomik,” te deklare Gouvènè Connecticut Dannel P. Malloy. “Daprè kad plan ki te prevwa nan plan sa a nou pral kontinye avèk efò nou pou bay yon rezo konvenyan pou estasyon rechaj machin elektrik yo (EVS), ajoute EV yo ak machin selil gaz nan flòt eta, ak bati sou enfrastrikti idwojèn ki nesèsè pou machin selil konbistib ki espere disponib pou modèl ane 2015.”

“Jodia, nou mete yon pye nan pedal la pou jwenn plis machin pwòp sou wout la,” te deklare Gouvènè California Edmund G. Brown, Jr. “Sa a se aksyon reyèl pou redwi emisyon gaz greenhouse.”

“Plan sa a bay etap konkrè eta yo kapab pran pou atenn objektif komen nan redwi depans nou sou lwil etranje ak pwoteje anviwonman nou an,” te deklare Gouvènè Lincoln D. Chafee. “Rhode Island pral

klèman favorab a anviwonman e ekonomikman nan devlopman yon mache siksè pou machin zewo emisyon ak garanti ke rezidan nou yo kapab itilize machin sa yo nan tout Nòdès la.”

“ Mete 3.3 milyon ZEV sou wout yo nan Oregon e eta patnè nou yo nan pwochen 11 ane bezwen toulède kolaborasyon ak aksyon,”te deklare Gouvènè John Kitzhaber. “Nou te pran etap enpòtan nan Oregon pou akselere adopsyon EV, enkli inisyativ prive-piblik tankou Otowout Elektrik Kot Iwès ak deziyasyon yon ofisye EV nan tout eta. Plan daksyon sa bay Oregon ak lòt eta patnè yo pwochen etap spesifik pou pa sèlman bati sou ak elaji efò ankou yo men pou wè atravè yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418